



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## NAN PARAD SELEBRE IZRAYÈL, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VWAYAJ SOLIDARITE AN IZRAYÈL

***Gouvènè Cuomo: "Nan moman kriz sa a pou pèp Jwif lan, mwen pral fè yon lòt vwayaj an Izrayèl kòm yon vwayaj solidarite jis apre sesyon lejislatif lan epi mwen envite kòlèg jwif mwen yo pou akonpaye nou kòm yon siy solidarite. New York kanpe ak Izrayèl. Nou tout se Jwif jodi a. Nou tout apresye kominote Jwif la. Yo fè pati de sa ki fè New York, rete New York epi se youn nan pi bon pati yo".***

***Gouvènè Cuomo: "Mwen envite tout politisyen pou kondame gwoup neyo-Nazi pou sa yo ye. Yon se teroris domestik. Se sa yo ye".***

Nan kòmansman jounen an, nan Parad Selebri Izrayèl lan, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li pral fè yon vwayaj an Izrayèl an solidarite ak kominote Jwif lan alawit fen sesyon lejislatif lan.

**ODYO** pou tande deklarasyon Gouvènè a disponib [isit la](#).

*Yon transkripsyon sou videyo diskou Gouvènè a disponib anba:*

Pèmèt mwen tanpri rekonèt moun ki ak nou jodi a. Mwen gen fanmi m, mwen gen manman m. Mwen gen pitit fi mwen Michaela, mwen gen pitit fi mwen Cara. Men li la a. Nou gen fonksyonè administrasyon an. Nou gen Melissa DeRosa, ki se Sekretè Gouvènè a. Howard Zensky nou gen ak nou. Nou gen Guillermo Linares ak nou. Nou gen envite espesyal, Devorah Halberstam epi n ap priye pou fòs li jodi a pou li. Devorah ap jere Mize Timoun Jwif yo (Jewish Children's Museum) kote yo te mete yon nòt semen sa a: "Hitler ap vini". Devorah te kòmanse mize an pou onore pitit li Ari Halberstam ki te mouri nan yon atak anti-semit. Donk nou fyè pou n ansanm ak li jodi a. Dani Dayan pral vini ak nou. Senatè Brad Hoylman, Anna Kaplan ak Manm Asanble David Weprin ak Manm Konsèy Ben Kallos ak nou tou.

Nou isit la pou n selebre Izrayèl. Epi li plis apwopriye konpare a òdinèman paske ane sa a laverite klè a se gen yon ogmantasyon nan kantite atak anti-semit nan peyi sa a ak nan eta sa a. Gen apeprè yon ogmantasyon 57 pousan nan atak anti-semit nan Etazini Damerik. Moun yo te pran nouèl atak atwès nan tanp Pittsburgh lan, nan Kalifoni. Men yon ogmantasyon 57 pousan. Te gen yon ogmantasyon 83 pousan nan atak anti-semit nan Eta New York an, yon ogmantasyon 83 pousan atravè tout eta a - rejyon nò, Long Island, Brooklyn, m te jis mansyone atak pi resan sou Devorah Halberstam.

Kansè nan kò politik Ameriken an sa se te nouvo fason an. Kansè paske yon selil atake yon lòt. Lè ou gen moun Jwif k ap resevwa atak, omoseksyèl, manm kominote LGBTQ k ap resevwa atak, ak pawòl anti-semit jis yè swa, anti-mizilman, anti Afriken-Ameriken.

Sa a se yon kansè layèn ki chita atravè tout peyi nou an epi malerezman menm nan Eta New York nou an.

Te gen yon epòk lè nou te ka gen diferans politik, men li pat vin tounen layèn. Nou te toujou gen diferans politik, depi nan epòk pè fondatè yo nou te gen diferans politik. Men nou tolere yo, epi nou konprann yo. Nou ka gen diferans politik konsènan Izrayèl ak Palestine, se sa ki fè yon demokrasi ki gen deba. Men depi kilè mo a kat lèt ki pi fò nan Etazini vini layèn olye de lanmou? Se sa ki pi enkyetan an. Epi se sa k ap rive kounye a. Atak anti-semit sa yo pèsone l a fanmi Cuomo an. Nou gen anpil zanmi nou te grandi ak yo ki gen lafwa Jwif. Mwen gen de bòfrè ki se Jwif; manman m gen de bofis, pitit fi mwen yo gen de tonton - Howard ak Ken - ki se Jwif. Atak anti-semit sa yo, fanmi Cuomo pran yo pèsone lman. Chak fanmi nan New York pran l pèsone lman.

Epi mwen vle pou moun nan eta sa a rete klè: santiman anti-semit pa sèlman mal ak imoral ak enjis ak anti-ameriken; men li ilegal tou. Epi nou pral aplike lalwa nan tout anplè epi mwen pwomèt nou sa.

Kòm yon siy solidarite, nan moman kriz sa a pou pèp Jwif la, mwen pral fè yon lòt vwayaj an Izrayèl kòm yon vwayaj solidarite jis apre sesyon lejislatif lan epi mwen envite kòlèg Jwif mwen yo pou akonpaye nou kòm yon siy solidarite. New York kanpe ak Izrayèl. Nou tout se Jwif jodi a. Nou tout apresye kominote Jwif la. Yo fè pati de sa ki fè New York, rete New York epi se youn nan pi bon pati yo.

Mèsi a tout moun paske nou prezan isit la jodi an. Gen kesyon pou mwen oubyen pou fanmi jwif mwen an?

**Kesyon:** Mwen konnen ou te mande pou Polis Eta a ankete sou ensidan nan mize Jwif lan. Èske gen lòt bagay nan pozisyon eta ou ka fè pou eseye konbat vag anti-semit sa a?

**Gouvènè Cuomo:** Nou te ogmante pinisyon pou krim layèn atravè tout eta a. N ap travay sou plis konpreyansyon, plis kominikasyon, men nou pral aplike tou lalwa a paske li te vin atenn yon pwen kritik. Yon ogmantasyon katrentwa pousan nan eta New York. Yon ogmantasyon vennde pousan nan gwoup neyo-Nazi. Epi an pasan, mwen envite tout politisyen pou kondane gwoup neyo-Nazi pou sa yo se an. Yo se teroris domestik. Se sa yo ye. Epi sa pa fè pati de demokrasi. Yo pwopaje layèn, yo pwopaje vyolans, yo atak epi tout politisyen - Demokrat, Repibliken - ta dwe kondane gwoup neyo-Nazi sa yo epi rele yo pou sa yo ye an.

**Kesyon:** Èske w ap pwononse kòmantè sa yo anfas edifis Trump lan - èske sa a se jis yon ko-ensidans?

**Gouvènè Cuomo:** Se yon ko-ensidans. Mwen pat menm reyalize sa jiskaske ou te souliye li.

**Kesyon:** [Inodib] Yo te boule drapo fyète-

**Gouvènè Cuomo:** Menm bagay la. Mwen rele l yon kansè k ap pwopaje nan peyi sa a. Poukisa yon kansè? Paske kansè - yon selil nan kò a atake lòt selil epi se sa w ap

obsève kounye a. W ap obsève blan kont nwa, Kreyen kont Mizilman, anti-Semit, anti-LGBTQ yè swa. Sa a ap detwi Etazini. Paske Etazini se yon divèsite pi depi nou kòmanse atake youn kont lòt poutèt divèsite nou an, sa ap defèt Etazini ak moun nou ye a. Sou se yon sosyete pliralis. Emma Lazarus, yon gwo Nouyòkè Jwif ki te ekri mo yo pou Estati Libète a. Sa a se fondasyon nasyon nou an. George Washington te vizite yon sinagòg nan Rhode Island epi li te deklare, pèp Jwif lan isit lan epi yo li pou yo selebre relijyon yo. Se te libète relijyon. Epi jodi a nap youn ap dyabolize lòt akòz preferans relijyon? Sa a se pa Etazini. Se pa moun sa nou ye. Epi nou pral fè deklarasyon kontrè a nan eta New York. Anou mache, mèsè.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)